




Chanjman nan kredi taks vle di **plis lajan pou ou** lè ou deklare.

Nou pral ede w jwenn lajan w.

Lè w reklame menm yon (1) nan kredi taks sa yo, sa ka retounen ou plizyè milye dola an 2022.

-  **Kredi Enpo pou Timoun.** Paran yo ka jwenn jiska \$3,000 oswa \$3,600 pou chak timoun selon laj timoun nan. Ou pa bezwen touche yon revni nan travay pou reklame kredi a ak pou w jwenn peman. Si w te resevwa peman davans an 2021, ou dwe deklare taks ou an 2022 pou w ka jwenn rès lajan w la.
-  **Kredi Enpo sou Kòb Moun Fè.** Disponib kounye a pou moun k ap depoze ki gen ant 19 ak 65 lane epi ki pa gen timoun, ansanm ak fanmi yo.
-  **Kredi pou Swen Timoun ak Depandan.** Jwenn bourse jiska \$4,000 nan depans gadri.

Itilize NYC FREE Tax Prep (Preparasyon Taks Gratis Vil New York) pou deklare taks ou gratis epi kenbe tout ranbousman ou an nèt.



Pou fanmi yo

Revni \$72,000 oswa mwens nan 2021.



Pou moun k ap deklare taks poukont yo

Revni \$50,000 oswa mwens nan 2021.

Travay ak volontè VITA/TCE ki sètifye nan IRS ki gen konesans pou ede ou fè yon deklarasyon taks sou revni ki egzat.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan nyc.gov/taxprep oswa rele 311 epi mande "tax preparation assistance" (èd pou preparasyon taks).







Consumer and
Worker Protection

Eric L. Adams
Mayor

Peter A. Hatch
Commissioner

Chwazi ki jan ou vle deklare taks ou.

-  **Preparasyon Taks Fas-a-Fas[†]** Chita ak yon benevòl nan prepare taks.
-  **Sèvis pou Depoze Taks[†]** Depoze dokiman taks ou epi pou vin chèche ranbousman taks ou pita.
-  **Preparasyon Taks Vityèl^{*}** Li Preparasyon Taks Fas-a-Fas men sou entènèt la!
-  **Preparasyon Taks ak Asistans^{*}** Fè pwòp taks ou ak lojisyèl pou deklare taks gratis men yon benevòl ap ede ou nan telefòn oswa imèl.

Pare dokiman ou yo.



- Pyès Idantite ki gen Foto** (tankou IDNYC)
- Idantifikasyon taks** pou oumenm, mari oswa madanm ou, ak depandan ou yo (Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Endividyèl)



- Prèv revni** (si sa aplikab) (gen ladan Fòm W-2, 1098, 1099, oswa dosye revni ak depans si ou se yon travayè endepandan)



- Depans gadri pou timoun** (si sa aplikab), ki gen ladan enfòmasyon founisè ak Nimewo idantifikasyon taks
- Nimewo kont labank ak nimewo idantifikasyon bank** (nimewo woutaj) pou fè depo dirèk ranbousman ou
- Siyati ni mari, ni madanm** si nou deklare taks nou ansanm

Pou yon lis lòt dokiman ou ka bezwen, eskane kòd la oswa vizite nyc.gov/taxprep.



[†]Akòz COVID-19, sèvis fas-a-fas kapab chanje. Tcheke sitwèb la ak 311 pou dènye nouvèl yo.

*Sèvis sou entènèt yo san danje epi yo fyab.